- Къамболэт ди нанэ и дэльху нэхьыщIэт. Ар ди деж къэкIуа нэужь, зэдэльхуэзышIпхьур зэбгъэдэтIысхьэрт, я Iэхэр зэрыIыгъыу сыхьэтым щIигъукIэ къэмытэджу уэрщрэхэрт, апхуэдизу фIыуэ зэрыльагъурти. Сэ си гъащIэм Къамболэт кьыщыкьыар кIасскым сыщыщIэсым щигъуэщ. Гъатхэм теухуауэ тхыгъэ зэхэтлъхьэну унэ лэжьыгъэ кьыдатати, зэрыхъум хуэдэу стхыри, нанэ егъэльапсэгъуащ. Нанэ мыгъуэр еджатэкьыми, тетрадыр дзэгъэзеяуэ кьиштэщ, ельрэ: «Тхьэ кьабзэ дыдэу птхам, сатырхэри захуэу ирибгъэкIуам», - жиIащ. АбыкIэ сигу мызагъэу, си анэм деж сыжащ. «Сэ нобэрей ма-хуэм сылэжьаащ, сешащ, нджи сыпщэфIэн хуейщ», - кьызжиIащ. Си адэм деж сокIуэрт: «Сэ былымым сыхэтщ, ар си Iэхуэ», - жери сыкьыIуегъэкIыж. Сынэщхьейуэ сыщысу Къамболэт мыгъуэр кьокIуэрэн, тIэкIурэ щысгуэ гу льетэ сыкъыззэрызэIуам. «КъакIуэт мыдэ. Сыт фIыуэдэр? Сыт унэ лэжьыгъэу кьыватар, сыгъэльагъут», - щыжиIэм, сыгуфIэу сыжэри, си тхыгъэр кьэсхьащ. Гупсэхуу еджащ, щыуагъэ хэтхэр кьыскухигъэкIыжащ. «И купщIэр дгъэущ, ауэ иджыри тIэкIу уелэжьыжьын хуейщ», - жиIащ. ИтIанэ си Iэр и IэмкIэ кьиубыдри: «Мис мытхуэдэущ уэрыктэнур», - жиIэри хьэрфэ-хэр сатырым дэту сигъэтхащ. Абдеж кьыщыщIедзэауэ гъуэгу сытригъэувауэ кьысофIощI. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, сигъэгушхуат, лжьыгъэ сщIам кьыщытхуат, си гукъеуэм асыхьэтым кьытеIэбэри, си гур игъэпсэхужат.

Сэ мыбы сыщеджэну сыхуейщ

КIэрэф Къамболэт кьуэш нэхьыжьитIрэ зы шыпхьу нэхьжьыбрэ иIэт, ауэ Iэхур езым и пщэ дильхьэжу, зыхуэфри зыIэригъэхьэфу есат ар зэрыщIыкIуэр. Абы и гъащIэ гъэзум дахэу кьыхощ Мало-Кьэбэрдей мэкъумэш еджапIэм зэрыщIэсар. Куэдым ящIэркъым ильэс зыбгъупщI фIэкIа мыхьу щIалэ цIыкIур абы езыр-езыру кIуэуэ зэрыщIэтысхьар. Еджа-пIэр кьыззэрызэIуахар зэхихати, зы нэхьыжьи имыIэтуэ-гу ежьэщ, кьигъэуэтри: «Сэ мыбы сыщеджэну сыхуейщ», - щыжиIэм, кьащтащ. Ауэ ар зырикIыу ильэситху фIэкIа мыхьу Къамболэт и шынэхьыжьыр дзэм хамыгъэхьэу кьызэрыригъэла хьыбарым ельытауэ.

1917 гъэм Февраль революцэ нэужьым большевикхэм кьагъэгуэ3а пащтыхьым революционерхэм еэуэун дэз зэригъэпщIын щIидзащ. Астемырей кьуажэм зи цIэ зэрихьэ Астемырэз ящыми кьалэн кьышащIащ унагъуэ кьэс дзэм мы-хьэн зы щIалэ кьыхиншыну. И кьуэ нэхьыжьыр дашынухэм зэрахэхуар кьыжьрIа нэужь, Къамболэт и анэм ар и гум щIыхьащ. «ЦIыхухъри димыIэжу, щIалэ нэхьыжьри тхашIэ, хэт дэ дызышыгугьынур?» - жиIэу анэр щыгузаэсам, Астемырэз я щIалэ цIыкIур зи дэджэгуэгъуэ Къамболэт: «Сэ сыкIуэнщи, пщым жесIэнщ ар», - жиIащ. «Дэнэ уэдэкIуэнур, уэ щым укъыхэ-щIыркъым», - кьыжрагъэ щхьэкIэ кьимыгъанэу, пыIэ щхьэритIагъэщ... кьамэ зыпщIэхилъхьэри, я3пэмыкьыжьэу псэу и ныбжьэгъуэ и адэм деж кIуащ. ЖрИари кьыжрIэжари тхыдэм кьыхэнакъым, ауэ и къуэш нэхьыжьыр зэм хамы-гъэхьэу кьагъэнауэ зэрыщытар псоми ящIэж. ГъэщIэгъуэщI Астемырыщым и кьуэм, Къамболэт и дэджэгуэгъуэ щытам, зэманим кьэралим захъуэжа нэужь зэрыкъуэзэжа щыкIэрэ. Я3пэу - революцэ нэужьым - Владикавказ щыхуэзащ. «Щхьэ унэмыкIэгъэжэн?» - жиIэу щыщIэупщIам, щым и кьуэм: «СаукIынкIэ сошынэ», - жэуапыр кьритыжащ. ИужькIэ, зэманим дэжьыу хамэ кьэрал щыпсэуэ адыгэхэм Къамболэт щахьхьэм, а щIалэ дыдэм Тыркум щыхуэзэжауэ щытащ.

Щ1ыхум сыт хуэдиз екъулIэныгъэ имыIэми, ар и унэм щымылъэгъуауэ и сурэтыр нэгъэса хьурыкыр. Дауэ и Iыхьлыхьэм зэрахущытар зи ильэсищэр дгъэльапIэ, езым хуэдэ кьытхэмыты-жу кьытфIэзыгъэщI лы тельджэр? Къамболэт и щыфэлIыфэр иридгъэкъужын папщIэ, абы ипхьу закъуэ Майерэ и щыпхьи и къуэрыльху Ирыгу Муэзрэ захуэдгъэзащ. А щыхьэнтIращ КIэрэф Къамболэт нэхь зыщIыхуаун абы и хьэл нэхь кьэзыщIауэ нобэ Хэкум исыжыр. ГъэщIэгъуэн тщыхъуащ щIэныгъэм зи гъащIэр езыта Майерэ Астемырей къыщыхьуа, нужькIэ ильэс 18-кIэ Къамболэт и унэм щIэса, и адэр нэхь къаруушэ щыхьуэм кIэльыплъыжа бзылъхугъэ щIыкIымрэ фIыуэ яльагъу щIыхр зыпыкиуэ зэрыщIэтысхьар. МэгуакIуэ гуэр къакIэрех абыхэм я гукъэкIыжкхэм: къэупщIихьэ пэтми зумыгъэнщIу, уIэбэми - ульэмыIэсыжу.

Тхьэ, урыс мыгъуэр дэпсэльагъуэмэ!

И шынэхьыжьыр кьригъэламе, езы Къамболэт Хэку заэушхуэм я3пэ ипу кIуаехэм я щыщIщ.

Майе:

*- Ди адэр зауэм щыкIуар фIы дыдэу сощIэж. Щоджэн-цIыкIумрэ КIыщокъуэмрэ я уэрамхэм я зэхуакур льэс зекIуапIэт. Абдежым тетIысхьэпIэхэр иIэти, фронтым дэкIхэмрэ ахэр езыгъажьэ я Iыхьлыхэмрэ екIуэкIыу тест. МафIэгухэм я3пэ щыкIэ щыхэр ирагъэтIысхьэуэ, цIыхухэм я екъэгъуэр гуваш. Ар зыхуэзэр 1942 гъэм накъыгъэм и 18 - 19 жащIрт. Сэ кьыззэрыстехьэльэнур ящIэрти, папэрэ мамэрэ си анэш-хуэм деж сагъэкIуащ хьэлывэ тIэкIу кьахуэсхьу пщэдджыжьым сыкъэкIуэжыну. Нэху мыщу хьэлывэр сIыгъыу мафIэгу текIыпIэм сыщыжэм, тетIысхьэпIэ псори нэщIт. Си адэр зэрызмыльагъэжар, и Iэпплэм тIэкIу сызэримысыжар апхуэдизкIэ си гум щIыхьати, сызэращIжу гъын щIэздзащ. «Папэ бз къыпхуищIыжащ, ар Iэмал имыIэу къэдгъэжьнущ, - си анэм кьыззэкIэ пэтми, сызыщIэжьыфIрт жьыIэм. ИтIанэ си анэшхуэм «Угъмэ, папэ кьитIэззэжьнукьым», - жиIэри абы нэхь сызэтригъэувыIауэ щытащ.

1943 гъэм и мазаем щыщ махуэ гуэрым си анэр гуфIэу кьыщIэлъэдэжкIи: «Ди папэ псэущ! Ди папэ псэущ! - жиIэурэ унэр кьыжьжьыащ. ВоенкоматымкIэ блэкI пэтрэ абы и унафэщIыр кьеджэри ди адэм и тхыгъэ кьригъэлъэгъуат, дэ дыкьыззэрилъыхьэр иту. Езыми ухатхьажащ дэ дызэрыпсэур. Зауэ зэ кIыхьыр иджыри нухатэжкым, ауэ зэрыпсэур кьэтщати, ар гуфIэгъуэщхуэу ди унагъуэм ильащ.

1943 гъэм «И лIыхъужьыгъэм папщIэ» медаль кьаратащ папэ. Ар дамыгъэ льагъэ дыдэт цIыхум и закъуэ зэрихьа лIыгъэ щхьэхуэ гуэрым кьрикIуаеу. КьыкIэльыкIуэу аргуэру лIыхьыжьыгъэ гуэркIэ кьыхэщати, ягъэпэжну ягъэльэгъуауэ и тхыльхэр гувауэ ягъэхьри кьаратъэгъэзэжати, абыкIэ кьуанэ-шхуэ зыузыбжьык и унафэщIым зиухенжьну хуейуэ: «СытпIэ дыпхуэупсэмэ нэхь уи гуапэ хьун?» - жиIэри кьеуущIащ. «Си унагъуэм сыпльыгъэзэнт», - щыжриIэм, къэкIуэжьну хуит кьащIащ.

Къамболэт и унагъуэр ильагъуну кьыззэрыкIуэжам и хьыбарыр таурыхъым ещхьу гъэщIэгъэнщ. Ара кьыщIэкIынщ ильэситщI фIэкIа мыхьу Майи ар иту кьыжьинужар. Лидие Григорьевнэ, Къамболэт и щхьэгъусэр, Налшык и уэрамхэм я3ыхэзым ирикIуэу, щхьэщIэщапIэхэм я3ыхэзым блэкIрэ пэт, щхьэгъубжэ абджьипсышхуэмкIэ епIэкIащ икIи и нэхэр и лIым техуащ. «Сигу къэкIыщащи, егъэщхьауэ ара кьыщIэ-кIынщ», - жиIэри, и фIэщ хьуакьым и жьакIэр иригъэпсу-шэнтIм ис щIалэр и щхьэгъусэрауэ. Ауэ майор щIалэр кьэ-кIапIэу и щхьэгъусэр кьыщицIыхужьым, кьэхъуар кьы-гурыIуащ. Фаджэладжэу унагъуэм екIуэлIэжьну хэмэй щIалэр пIащIэу зыщIэльэда щхьэщIэщапIэм и щхьэгъусэр блэкIыну дэнэ щищIэнт?!

Муэз:

- Унагъуэ тыншт Къамболэт и унагъуэр, зэхуэмахуэ махуэ-хэм сыкьэжьэнри, сыщеджэ зэманым я деж сыщыIэпэнри зэн си дзэ шакым. Лидэ, Къамболэт и щхьэгъусэр, урыст, ауэ кьыщыхьуар Налшыкт, адыгэбзи уэрсэру ищIэрт. Зэгуэрым бззэрым кIуауэ кьэщхьунухэм хэдзу зэдэщытым, абы цIыхубзхэр зэпсалъэу зэкъэ: «Мы урысым зыри идумыгъа-щ». Лидэ адыгэбзэ кьабзэкIэ кьоупсальэр: «Тхьэ урыс мы-гъуэр фэзмыгъэльагъумэ! Сыт жыфIэр зищIысыр? Сэ сыуры-рыс?!» «КхьыIэ, кьытхуэгъэгъу, дэ уи жагъуэ тщIыну дигу ильа-кьым», - жиIэри бззэр нанэхэр нкIуэтыжат.

ЖылэщI кьигъэкIэм адыгэщIэ яфIищын хуейт

Гуэхэкьуэщ «АдыгэбзэкIэ фымыпсалъэ» жиIэу щыщIа зэман ткIийм хамэ лъэпкъ щыщ щхьэгъуэгэ адыгэбзэкIэ зы-гъэпсэльэфа адыгэлIи щыIэу зэрыщIтар. Нобэ умыгъын щхьэкIэ, удыхьэшхын хуейт кьыщIэкIынщ, тэмэму тхуэмыгъэ-щэрыуэ хамэбзэмкIэ фIэкIа утыку дыкьикьи дикIыжи мыкьу-ну кьыззэрытфIэщIым щхьэмкIэ. КIэрэф Къамболэт и унагъуэм адыгэбзэкIэ щыпсэльа щхьэкIэ, и щхьэгъуси и быни кьепэгэкIакъым, езыри дуней пэм кьыхухущхьэпэн адыгэлIи хъун кьэнакъым. Майе кьыпыгуфIыкIыу игу кьеГъэкIыж и адэм сыт хуэдэ гъавэхэкI лIэужьыгъуэ кьимыгупсысми, абы льэпкъым епха цIэ гуэр фIищу зэрыщытар.

Майе:

*1930 - 1931 гъэхэм я щымахуэр щIыIэ дыдэт. Арати, бжьы-хьэм хаса гъавэр хисхьащ а илъэситIми. Къэралым гъавэр щищIэ гектар мелуанитIлъхь хасэр гъэ кьэс хисхьэмэ ар Iуэхущхуэтэкъэ? Гъатхэм аргуэру хасэн щхьэкIэ, мэкъумэ-щышIэхэм гъавэ гъэтIылъыгъэу, жылатхьэу яIэр къэралым къыIихащ. Апхуэдэу зы илъэскIи, илъэситIкIым зэрыльхуар. ИтIанэ унафэ ящащ щIыналъэ кьэс жылэ щыхах станцэхэр кьыщыззэIуахьну, щхьэж здэщIыIэ щIыпIэм нэхь езэгъ гъавэ лIэужьыгъэ кьыщIигъэкIыфын хуэдэу. 1937 гъэм ди республикэмэ Селекцэмкlэ станц кьыщыззэIуахащ, ди адрэщ абы и лIыбжькэр зыгъэтIылъаги и я3пэ гъэпсэлъэ щыIагъ. Ар тэ-макъкIыхьагъ зыхуэИ Iэуху пэщIэщэхт. Жылэ хэпсэу ар кьыззэрыкIым, щыIэм зэрезэгъуэм уеплу, кьэпхутамкIэ нужькIэ щэсипIэ уиньхжьну тынштэкъым. Дэ ди щIыпIэм гугъуу хэлъыр кьурщхэм я гъунэгъуаГъ-жьжьагъым елыгъ-тауэ щIым и «хьэлым» зэрызэпсэуэжьырщ. Щ1ыгулым и зэхэлъыкIэ елытакIэ, дэ жьэгъущIэсхэр ди1эщ, Налшык абы хохьэ, бгъытъ щIыналъэм, Зеикьуэ хуэдэхэм, дуней щытыкIэр, апхуэдэу щ1ыхьыкIэ, гъавэ гъэкIыкIэрэ щынэгъуэщIщ, идыкIи-рагъэхэр ди1эщ, Май, Прохладнэ куейкэр. Тафэщ1ыр нэхь, гъущэщи, гъавэм псы куэду щIэкIэн хуейщ. Бгы льапэм щIыр-щынэхь псы1эщи, и чэзум хэсэн хуейщ, жылэм псы1агъыр кьыхуэсэбэпын хуэдэу. Бгы1ъэщIапIэхэм нэхь пасэу хьууэ щIы1эм кьелыну лIэужьыгъуэхэр хасапхьэщ. 30 гъэхэм и кум къэралым кьрашауэ щыта жылэхэр (абыхэм ящыщщ американ «Стерлингыр») кьиригъэсэбэпри, 1939 гъэм кьыззэрыгъэкI нартыху хужьыр льабжьэу кьиштэри, «Адыгэ нартыху шы-хьэдэ хужь льэпкъыр» («Кабардинская белая зубовидная») лIэужьыгъуэр кьигъэкIауэ щытащ ди адэм. Абы, псальэм папщIэ, Тэрч куейм зы гектарым хуэ3эу центнер 80 - 100-м нэс къущитырт. Мысостыщхуэ Был3 я нартыху льэпкъым бэ-вагъышхуэ кьырагъэтри, абы папщIэ Лениным и орден кьра-тауэ щытащ. ИтIанэ Iэщым ирагъэшхын яIэм щхьэкIэ эзэтхьым (овесым) елэжьын щIидзащ.

Зауэм и пэкIи КIэрэф Къамболэт гъавэ лIэужьыгъуэ зыбжэнэ кьигъэкIат ди щIымахуэ хуабэхэм езэгъыу. Абы мыхьэ-нэшхуэ иIэт - Iэщым ирагъэшхын мэкъумэшхуэ кьыхэкIырт. Станцым и лэжьыгъэхэр зауэ зэманым жылэхэр зыхьымахэм фIыщIэ яхуэфащэщ. Папэ фронтым кьикIыжа нэужь, лэ-жьыгъэм щIадзэжри, щIымахуэр зэрезэхуар апхуэдэущ - «Нэхьыкфi дыдэу щIымахуэр езыхьэжI зэнтхъыр кьэзыгъэкIар». Зауэ нэужьым жылэ Iэджи кьыщыхахащ къэралым, ауэ ды-дейм пэувыфIын зыри кьахэкIакъым. Абыи «Кабардинец» фIищат. Ар нэрыгъуэ иIэт ди адэм - щIэуэ кьигъэкIыу хьуам «адыгэщIэ» яфIищын хуейт. НужькIэ зэгъэсуэ бжьыхьэсэ гуэдз лIэужьыгъуэщIэ кьэдгъэкIауэ щытащ, абыи и щIэр «Кабардинка»-щ. «Юбилейная-50» нартыху лIэужьыгъуэри папэ-рэ сэрэ кьэдгъэкIащ ТекIуэныгъэр ильэс 50 щрикьум ири-хьэлIэу. Сэ си фIыщIэ хэсЛъагъуэркьым а псом, си насыпт кьрикьхьауэ аращ си адэр си ныбжьэгъуу икIи си лжьэгъуу зэрыщытар.

КIэрэф Къамболэт Iэхъум хэтыфым и мызакъуэу, лжьы-гIэ иригъэкIуэкIыр зыгъэ кьриплъхьэфырт. Абы и щыхь-этщ гъавэ кьыззэрыщэхъум хуэдэ дыдэу, абы и кьалэмыпэм кьыщIэкIа тхылъ кьомыр. ИригъэкIуэкIа кьэхутэнзыгъэхэр кьызэщIыкIуэжри, Къамболэт «Биологические основы растениеводства» тхылъыр еджапIэ нэхьыщхьэхэм папщIэ итхауэ щытащ. Iэхум нэхьыфI дыдэу хэзыщIыкI Майе зэрыжиIэмкIэ, нобэр кьыздэсым IэщIагъэм ирыребгъэджэну абы нэхь тхылъыфI дуней псом теткъым.

Сэ нэгъуэщIыбзэщ тхылъ зэрыстхыр

Ди пащхьэ ильщ КIэрэф Къамболэт и тхылъхэм яIыхэз, адыгэбзэкIэ тедзауэ: «Кьэбэрдей АССР-м и кIуащIэ нартыху хужь зэрелъжьыкI хуей щIыкIэр». Тхылъыр 1948 гъэм кьыдэкIащ, «АдыгэбзэкIэ зэхъыдзэкIар Абазэ М. А.»-щ жиIэу жинт кIуэщIым щыболъагъу. ГъэщIэгъуэну мы Iэхум хэтлъагъуэр тхылъыр адыгэбзэкIэ кьыдэкIын хуейуэ зэрагъэувар аращ. Нобэ щIэныгъэ тхылъ куэд адыгэбзэкIэ зэрымыльагъур щIэщыгъуэжкым. «Сэ нэгъуэщIыбзэщ тхылъ зэрыстхыр», - адыгэм жиIэу зэхъизох», - щхьэхуимыту уигу кьокIыж. КIыщокъуэ Алим и сатыр щэрыуэхэр. ТфIэхьэлъэмэтыр Къамболэт и тхылъыр адыгэбзэкIэ кьыдэкIыным сэбэпынагъ хальэгъуа-ращ. ЗэрыхуэдгъэфащэмкIэ, мыбы цIыхуэхэр кьеджэу кьа-гъэхьэбэпын хуейт, урысыбзэ зымыщIэр адыгэбзэкIэ кьеджэ-ну хуитт. Нартыкъуэр кьыхьрыбгъэзынум, зэрыщIэумэнум, абы гъавэ нэхь бэв кьыззэребгъэтынум Iэхъум хэзыщIыкI зэ-рытепсэлъыхьыр наIуэу зи Iэдакъэ кьыщIэкIами ар зэзыдзэкIами утыку кьралъхьащ. КьищынэмыщIауэ, щIэныгъэм и бзэм хуэмышэрыуэу кьытфIащ адыгэ тхыбзэм щIэныгъэлIым жиIэну зыхуэI псори дгъэзыу иззгъащ.

Абы и щапхъэщ а тхылъым кьыхэтха мы Iыхьэр:

«Нэхь мыхьэнэшхуэ иIэу щытщ КIэбэрдей госселекцстанцым Кьэбэрдей АССР-м и губгъуэрыс районхэм щхьэкIэ ириГъэззгъа «Адыгэ нартыху льэпкъ гибрид хужьым». Нартыхуэхэм нэхьыбэм щыхьэдзэ ныкъуэ щытыкIэ яIэщ, ар кьызыхэкIыр зэпымыууэ а льэпкъгъуэм зегъэужьынкIэ елэжь зэпыту зэрыщытырщ. Хьэдзэри хьэдзэр кьызытекIэ жэпкъри хужьщ. Мы льэпкъыгъуэр кремнистэ хужьымрэ Стерлингымрэ зэхагъэхьэнагъэм кьита жылапхъэр куэду кьыхахкIэрэ кьагъэхьауащ. Нартыкуэхэр щыхьэдзэрэ щыхьэ-дзэ ныкъуэрэ щыным хуэунэгтIагъэ жыпIэкIэ щхьэкуэ кьы-хадзыныр Кьэбэрдей госселекстанцым зэман кьыхькIэ ириГъэкIуэкIащ - ильэсиз 8-кIэ.

Апхуэдэ льэпкъыр кIуэдынкъым

Нобэ адыгэ нартыхум и фIэщу тепсэльыхьу зыгуэр утыку кьаухьамэ, кьагурыIуэну кьыщIэкIынтэкIыжи. Сыт-тIэ ильэс бжьыгъэкIэ цIыхуэхэр пэщащэу, нартыху хьэдзэхэр зэхадзу губгъуэм щIисар, иджы щыгъу щумыхуэмэ - мышу, щыпхуэмэ - фIэIу «американ нартыху Iэфыр» уэсыр тельу Налшык бззэ-рым щыщIыбгъуэтынукIэ?! Адэр зехьэнри джэдкъаз зехуэнри махуэ кьэс кIэрыхуурэ жакIу». Абы и гъуэгу ерыскIыми и Iэфымрэ и кьэуатымрэ щIоI. Апхуэдизу зыщIэдгъэщIагъуэ «адыгэ Iэнэм» адыгэ шхын куэди кьытенэжакьым. Сосрыкьуэ кьалъхуи и пэкIэ ху жьлэм хэльа берычэтым тепсэлъыхь нарт нанэ цIыкIур игуу кьегъэкIыж Къамболэт и нартыху хужь нобэми адыгэ унагъуэжьым щызэрахьэм. Нартыху хужь кьэ-жьыгъэр зэрыщытаГъи ухсафIэщ, нартыху щIакхъуэхэр, яIы-ныкъуэ тыкуэнхэм щагъажьэ чыржьынхэр нэхь ящхьхуэм ящыщщ, псом хуэмыдэу «давленэ» зиIэну хуэмейкъым. А псом кьегъэльагъуэ ди нэр зэтетхрэ деплыифэ, итIанэ тлъэгъуар ди фIэщ хьумэ, Лъэпщ кьилъыхьуа щIэныгъэр дэ езым ди щIыналъэм зэрилъыр.

Муэз:

*- Зы зэман кьуажэ гуэрым губгъуэм зэрыщылэжьэн Iэмэпсымэ ямыIэу гъатхэр кьэсат. Абы щытуэ Кьаболэт мэкъумэш Iуэхуэмкlэ министрт. Мэлбахьуэ Тимборэ и гъуэсэу ар а кьуажэм кIуэри цIыхуэхэр зэхуашэсащ. Езы Къамболэт цIыхуэхэм я пащхьэ кьинуэри елъэIуащ бел кIэмэ, кьекIуалIэу губгъуэр кьатIыну. Уи нэгу кьыщIэгъэхьэт кIэзимыIэ хадэм и пIэкIэ губгъуэ псор кьэптIыну! Езым зэрыжиIэжьмкIэ, сыхьэт нэхь дэмыкIауэ ини цIыкIуи кьыззэхуэсри тIэн щIадзащ. Апхуэдэу цIыхуэхэм я хьэтыр кьыззэралъгъуар и нэпсхэм кьызэпахьыхьауэ жиIэжьыт Къамболэт. «Апхуэдэ гъэсэныгъэ зыхьэль, нэхьыжьым и псальэм пщIэ хуэ-зыщIу кьыкьуэувэ льэпкъыр уэлэхьи мыкIуэдын» жиIэрт. Иджы согупсыри, дэри ди унафэщIэм а зауэ нэужьым псэуа цIыху щабэхэм хуэдэу дакъуэуавэфу, езыхэмэ Къамболэт хуэ-дэу дыкъалъэпэжу щытамэ, мыпхуэдизу гуэзвэгъуэ тIыгъэун-тэ

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

• ПщIэну щхьэпэщ

Лы цIынэм фо щIыщахуэр

Пластэр зэрапща бэлагъыр атхъэщIыркъым, а бэлагъым кIэрыжьа пластэр сэ тIыгукIэ кIэратхъунщIыкI.

* * *

Жэмыкуэ е кхъуейжьапхъэ щащкIэ, джэдыкIэ куэд хальхьэмэ, тхъу кхьащщIыпхъэ щыIэщ. Джэдыкlэм шатэм кхьащIидз тхъур зыщIеф.

* * *

Нэхъыжьхъэм джэд гъэва е гъэжьа щашхIэ, абы и фэр кьыгтрахырти, цыкIуэм иратырт яшхыну, нэхъ щIалэ фищIынуд, бланэ фыхьунуд икIи нэхъыбзэрэ фыпсэунущ жаIэрти.

* * *

Гуэгушыл щагъавэжIэ, гуэгушым и кьупщхьэр зэпаудыркъым, зэрытыпIэр зэрагъэкIыу аращ. Ар зэпыбудрэ бгъаевэмэ, лэпсри лыри Iэфl хьурркым, сыт щхьэжIэ жыпIэмэ кьупщхьэ зыпыудам и кIуэщIым ильыр лпы пщIащ. Лэпсри фIыщIэ, тKIыбжь ещI.

* * *

Дзэхьудзэшхым и хущхьэгъуэуэ адыгэхэм кьагъэсэбзэпу щытащ жыгей пхьафэущбар. Ар я жьэм жьэдакIутэрти ягъэнащIкIрт, яхуэщэчыхуKIэ жьэдагъэпыкIрти кьызыжьэдадзыжырт. Апхуэдэуэ тIэу-щэ ящIмэ, хьужырт.

* * *

Кьэрмэфиблыр яущзб, жьэм жьэдакIутэрти ягъэнащIкIу, ауэ ирагъэхырыкъм. Ар дзэхъудзэшхымкIэ, дзэ узымкIэ сэбзэпшхуэ мэхъу.

* * *

Зи дзэл шхэуэ, хуэ хьуахэм ахъшэдэщ тIэкIу жьэдалъхьэрти ягъэнащIкIурт, иужькIэ кьызыжьэдадзыжырт. Апхуэдэуэрэ ягъэхъужырт узыр.

* * *

Холестерин зи куэдым нартыхум кьыхэщIыкIа шхыныгъуэ куэд ишхыреймэ, холестериныр мащIэ ещI.

* * *

Лы цIынэр зэйымыхьэн щхьэкIэ щэрджэсхэм фо щахуэу щытащ.

* * *

Мыващхьуэр кьущхьэхъу кьрахырт. Езы мывэр памцIэ цIыкIуу щытщ. Ар сапэкIэ ятхъунщIырт, сабэм хуэдэу кьытекIар уIэгъэм трагъэщащэрти, уIэгъэр хьужырт.

* * *

Пластэ дияр ящIэтэн и пэкIэ пластэ щхьэфэр трагъэж.

КЪУБАТИЙ Борис.

• Псалъэжьхэр

УзэлъэIу къэгъани, къолъэIу къашэ

- Гъатхэпэ узэгъурэ бадзэуэгъуэ уэлбанэрэ.
- Гъэм и зы махуэм щIымахуэм уегъашхэ.
- Хуэмыху унафэ щIынкIэ Iэзэщ.
- ЖьантIэм ущIэмыкъу, пхуэфащэмэ, къыплъысынщ.
- УзэлъэIу къэгъани, къолъэIу къашэ.
- Зи нэхъыжь едаIуэ и Iуэху мэкIуатэ.
- Ящэ джэлам ущIэмынакIэ.

• Мэлыжьыхьым и 1-р Ауанымрэ дыхьэшхэнымрэ я махуэщ

Си ныбжьэгъум къызищIар

Си гугъэмкIэ, уэ узыуэт дыдэм хуэдизр ар... И ныбжькIэ щIалэщ, езыр тхьэIухудым хуэдэу дахэщи, и нэгу ущиплъэкIэ «Ярэби, цIыхуу пIэрэ хьэмэрэ сурэту ящIа?» - жьыпIэу шэч кьытепхьэу уи нэр тонэ, малъхъэдисым уэшIишам хуэдэу. И набдзэ фIыщIигIар Iэжь трапльха фIэкI щIэнкъым...

Хьэшыр и псальэр зэпигъэущ, тIэкIурэ щысри, аргуэру кьыпищащ: «Хьэмэрэ абы зы Iэпкьлъэпкъ иIэщи! И бгыр Iэмышщ Iэм ижьным хуэдэщ. И щхьэнращи, выидыржьычу фIыщIэрэ мы си Iэдийм хуэдизи и гъмагъыу ухуэнауэ и бгым щедзыхащ. Езыр щIыкIафIэщ, щэнифIэщи, и нэр кьиIэту кьоплъыфыркъым...»

Сэ си тхьэкIумэр тегъэхуауэ си ныбжьэгъум содаIуэ, сигукIэ жьзоIэ: «Тхьэ соIуэ, кьэзгъуэта си гугъэм... Ярэби, нытIэ иджыри къэх кьыщIэзмышар а тхьэIухудым си насып хэльу арауэ пIэрэ?!»

Хьэшыр машIэу кьысхущIопль. Дауи, гу льитагъэнщ, сфIэгъэщIэгъэну, гукъэкI гуэрхэри сигъэщIу, абы жиIэм сызэредаIуэм.

- Хьыджэбзым и унагъуэр хуабжьу хуэщIауэ мэпсэу, цIыхуэр зэхъуэпсэм хуэдэщ. И адэ-анэм къуажэдэсхэм пщIэшхэу кьыхуащI. И дэльхитIыраши, Тхьэм хьэзэритынщ: нэхъыжьыр хьэрычэтыщIэщ, нэхъыщIэр щIэныгъэхэм я кандидатщ, университетым щрегъаджэ. Езы хьыджэбзыр дохутырщ. Лъхьэку куэд иIэу жаIэ, ауэ зэкIэ зыри зыбгъэдингъэхьэркъым.

Хьэшыр елъагъу сыдикъэхауэ сызэредаIуэр.

- Уэлэхьи-тIэ, сымыщIэ нэгъэщI узыхуейр, - жи.

Сэ абы и дамэпкъыр сообыд:

- Хъунущ, хъунущ а уэ зи гугъу пщIыр! Сыгъэлъагъу, дэнэ здэщыIэр? Уэлэхьи, мис ар къэсшэну сыарэзым!

Хьэшыр кьыскуэдэпльейщ, «уэхъэхьэхь!» жиIэу ину зыкъомрэ дыхьэшхри, зыри кьызгурымыIуэу сыздэщыIым, и Iэ ижьыр си плIэм кьридзэри жиIащ:

- Уэри сыгъэлъагъу, уэри кьызжеIэ апхуэдэ хьыдджэбз здэщыIэр, си ныбжьэгъужь! Тхьэр згъэпэжащ, уэ дэнэ кьэна, сэри сыльымыхьуэм абы, щхьэгъуэ сызэриIэр кьищIэу кьыздэмыкIуэну щытми! Еууей, тхьэмыщкIэ! Уэлэхьи, уэ щхьэгъуэзэшэу иджыри Iэджэрэ уэрэщыцысынур кьызгурыIуам. Епль ар зыльыхьуэм!

КЪАГЪЫРМЭС Борис.

• Теплъэгъуэхэр

Унагъуэ насып.
Сурэтыр **ЕЭЩIЫ Астьэн** *трихащ.*

• Ди шхыныгъуэхэр

Нартыху хужь пIастэ

Нартыху пIастапхъэ зэтеудар кхъуэнэ щабэкIэ яхуэнщI, кьинэ пхьашэр тIэу-щэ щагъэпщ кхьапIэ кьыхэмынэуи, псы хуабэкIэ тхуэ-хэ яльэс. Пластапхъэ пльэсар псы кьэкъуалъэм хакIутэ, зэIащIэурэ тIэкIурэ кьагъэкъуалъэ, кьыдрихьелхэр чымчыркIэ кьытрах. МафIэр цIыкIу ящIри, сыхьэт нэблагъэкIэ бэлагъкIэ зэIащIэурэ Iув тIатIэ хьуху ягъаеэ. ЗэIащIэурэ нартыху хьэжыгъэ ухуэнщIар хаудэ, мафIэр нэхъ ин ящIри, дакьинкъэ 20-30-кIэ бэлагъкIэ ящIурэ ягъажьэ.

Хьэзыр хъуа пластэр шыуан джабэм кIэрымыпщIэу щытын хуейщ. ПIастэ жьар зэрыпщтыру, псы щIыIэ тIэкIу зыщIуха Iэнэм тралъхьэри, Iэхэр псыф ящIурэ см 8-10 и лъагагъыу яубэ, итIанэ ягъэупщIыIу. ПIастэр Iэнэм щытрагъэувэнум деж и щхьэфэр трагъэкри, бзыгъэурэ ящIатэ. Дашх лы, гъэшхэкI шхыныгъуэхэр.

Халъхьэхэр (зы цIыху IыкIэ): нартыху зэтеуда щIэгъэпщауэ - г 155-рэ, псыуэ - г 500, нартыху хьэжыгъэ - г 65-рэ.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхьилъым кьитхьажащ.

• Бжьыгъэхэм къаIуатэ

Дапщэ хъурэ лъэпкъхэр

Франджым кьыщыдэкI экономикэ журналым кьрахыжащ.

Мы зэманым Европэм щопсэу цIыху мелуан 391-рэ.

Абы щыщу *(мелуан бжыгъэкIэрэ):*

Урысхэр - 83-рэ
Нэмыцхэр - 73-рэ
Инджылыхэр - 40
Франджыхэр -39-рэ
Итальянхэр - 33,5-рэ
Испанхэр- 17,8-рэ
Полякхэр - 17
Румынхэр - 10
Мэжархэр - 8,7-рэ
Сербхэр - 8,2-рэ
Чеххэр - 8,2-рэ
Финхэр - 7,1-рэ
Тыркухэр - 8
Шведхэр - 5,6-рэ
Португалхэр - 5
Голландхэр - 4,8-рэ
Алыджхэр - 4,4-рэ
Фламандхэр - 3,7-рэ
Кельтхэр - 3,2-рэ
Шэрджэсхэр - 3
Датчанхэр - 2,4-рэ
Норвежецхэр - 2,3-рэ
Ермэлыхэр - 1,6-рэ
Арнаутхэр - 1,5-рэ

* * *

Славянхэр - 134-рэ
Германцхэр - 131,8-рэ
Романхэр - 108-рэ

«Гъуаз», №31. Мазаем (февралым) и 22, 1912 гъ

*Мыр «Гъуаз» газетым кьызытхьакIам кьызэрытрадза бзэр кьигъэлъэгъуакъым, лъэпкьыцIэхэр урысыбзэкIэ зэратхьам хуэдэу зэкIэлъыхьащ, кьызытрадза журналым и цIэри кьыхэщыркъым. Псалъащхьэр дэ хуэтщIащ.

КъБР-м ХьыбарегъащIэ Iэзэхущ Iапl эхэмкIэ и кьэрал комитетыр, республикам и Журналистхэмрэ и Тхакlуэхэмрэ я зэгуэхэныгъэхэр, «Къэбэрдей-Балькъэр» зыгъэлъагъуэ телевизионнэ канал» кьэрал Iуэхущ Iапl эм, «Къэбэрдей-Балькъэр» кьэрал телерадиокомпанием, «Адыгэ псалъэ», «Кабардино-Балкарская правда»,«Заман», «Советская молодежь», «Горянка» газетхэм, «Iащхьэмахуэ», «Минги Тау», «Литературная Кабардино-Балкария», «Нур», «Нюр», «Солнышко» журналхэм я редакцэхэм, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм, «Тетраграф» ООО-м я лэжьакIуэхэр КъБР-м Хьыбарегъащ Iэ Iэзэхущ Iапl эхэмкIэ и кьэрал комитетым и унафэм щIэт Iэнатlэхэр зыхуейзыхуэфIхэмкIэ кьыззгъэпэщыныр зи пщэ дэлъ и къудамэм и унафэщI **Дзыгъуп Муiэад Хьэдыкlу и кьурэм** хуогъазэ абы и шыпхъу **Бжий Риммэ** дунейм зэрехьжам кьыхэкIыу.

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

• ПщIэну щхьэпэщ

Лы цIынэм фо щIыщахуэр

Пластэр зэрапща бэлагъыр атхъэщIыркъым, а бэлагъым кIэрыжьа пластэр сэ тIыгукIэ кIэратхъунщIыкI.

* * *

Жэмыкуэ е кхъуейжьапхъэ щащкIэ, джэдыкIэ куэд хальхьэмэ, тхъу кхьащщIыпхъэ щыIэщ. Джэдыкlэм шатэм кхьащIидз тхъур зыщIеф.

* * *

Нэхъыжьхъэм джэд гъэва е гъэжьа щашхIэ, абы и фэр кьыгтрахырти, цыкIуэм иратырт яшхыну, нэхъ щIалэ фищIынуд, бланэ фыхьунуд икIи нэхъыбзэрэ фыпсэунущ жаIэрти.

* * *

Гуэгушыл щагъавэжIэ, гуэгушым и кьупщхьэр зэпаудыркъым, зэрытыпIэр зэрагъэкIыу аращ. Ар зэпыбудрэ бгъаевэмэ, лэпсри лыри Iэфl хьурркым, сыт щхьэжIэ жыпIэмэ кьупщхьэ зыпыудам и кIуэщIым ильыр лпы пщIащ. Лэпсри фIыщIэ, тKIыбжь ещI.

* * *

Дзэхьудзэшхым и хущхьэгъуэуэ адыгэхэм кьагъэсэбзэпу щытащ жыгей пхьафэ ущбар. Ар я жьэм жьэдакIутэрти ягъэнащIкIурт, яхуэщэчыхуKIэ жьэдагъэпыкIрти кьызыжьэдадзыжырт. Апхуэдэуэ тIэу-щэ ящIмэ, хьужырт.

* * *

Кьэрмэфиблыр яущзб, жьэм жьэдакIутэрти ягъэнащIкIу, ауэ ирагъэхырыкъм. Ар дзэхъудзэшхымкIэ, дзэ узымкIэ сэбзэпшхуэ мэхъу.

* * *

Зи дзэл шхэуэ, хуэ хьуахэм ахъшэдэщ тIэкIу жьэдалъхьэрти ягъэнащIкIурт, иужькIэ кьызыжьэдадзыжырт. Апхуэдэуэрэ ягъэхъужырт узыр.

* * *

Холестерин зи куэдым нартыхум кьыхэщIыкIа шхыныгъуэ куэд ишхыреймэ, холестериныр мащIэ ещI.

* * *

Лы цIынэр зэйымыхьэн щхьэкIэ щэрджэсхэм фо щахуэу щытащ.

* * *

Мыващхьуэр кьущхьэхъу кьрахырт. Езы мывэр памцIэ цIыкIуу щытщ. Ар сапэкIэ ятхъунщIырт, сабэм хуэдэу кьытекIар уIэгъэм трагъэщащэрти, уIэгъэр хьужырт.

* * *

Пластэ дияр ящIэтэн и пэкIэ пластэ щхьэфэр трагъэж.

КЪУБАТИЙ Борис.

• Псалъэжьхэр

УзэлъэIу къэгъани, къолъэIу къашэ

- Гъатхэпэ узэгъурэ бадзэуэгъуэ уэлбанэрэ.
- Гъэм и зы махуэм щIымахуэм уегъашхэ.
- Хуэмыху унафэ щIынкIэ Iэзэщ.
- Жьантlэм ущIэмыкъу, пхуэфащэмэ, къыплъысынщ.
- УзэлъэIу къэгъани, къолъэIу къашэ.
- Зи нэхъыжь едаIуэ и Iуэху мэкIуатэ.
- Ящэ джэлам ущIэмынакIэ.

Си ныбжьэгъу Хьэшыр зымахуэ «Уа, иджыри куэдрэ фызкъэмышIэу упсэну уи мурад?» - жиIэри, си щхьэгъэзыгъэжьэуа псальэмакъым кьышIидзащ.

ГъэщIэгъуэнщ мы цIыхухэр! Си Iыхьлыи, си ныбжьэгъуи сэ фIэкI Iуэху ямыIэж хуэдэщ. «Сытым щыгъуэ кьыщыпшэнур?» «Иджыри кьэпщакъэ?» - аэращ кьысхуэзэр кьызэрыгъэупщIыр. Сытуи ямыужэгъуэр, гъэзгу махуэрэ! Апхуэдизкlэ си щхьэр щIызагъэхьащи, иджы си цIыхугъэ гуэр сыхуэзэмэ, ятэ зызогъэщри жызоIэ: «Къэсшакъым иджыри! Уэлэхьи, къэзмыша!» Апхуэдэу жысIэу сызэрыхуежьэрэ тIэкIу нэхъ сытыншащ, «къэпшэн хуейти, арати, мырати» жаIэу, кIыхьу кьрагъэкIуэкIыркъым, сызэгуагъэуду.

АтIэ, сытми, Хьэшыр сыхигъэзыхьащ: «Тхьэ соIуэ, емыкIукIэ! Ильэс плIыщIым ущIигъащ, зиунагъэрэ. Мис дэ, уи ныбжьэгъухэм, кьыдэпль - ди бынхэр ин хьуащ».

Хьэшыр фэрыщIагъ хэмылъу, фIыкIэ кьыхсхуэпсэу кьыззэрызэпсальэр сщIэрти, гу щабэ сыкъэхьури жесIащ:

- Уэлэхьи, Хьэшыр, узахуэм. Псори кьызгуроIуэ, итIани... Ар жьыпIэнуи емыкIущ, ауэ, Тхьэ соIуэ, сэ сызыхуейм хуэдэ сымыгъэткIэ, ибо сыбгъэщIэнур...

Хьэшыр ней-нейуэ кьызэпльащ, зыри жимыIэу. ТIэкIуэ гупсысэри, кьыпищащ:

- Уэлэхьи, зы хьыдджэбз гуэр и гугъу пхузэщIынутэм.

• Фэ фщIэрэ?

КъэкIыгъэцIэхэр

Пкъынэ - *бальзамин*
Пруиж - *рис*
Псей - *ель*
Псылъэудз - *тростник обыкновенный*
ПсымэракIуэ - *лапчатка*
Псышыбжий - *перец водяной*
ПсыщIэкъамыл - *тростник*
ПсыщIэсэрэш - *ситник растопыренный*
Псыхъуэсэрэш - *ситник жабий*
Псыхъумэ - *водосбор*
ПсыIуфакъэрабэ - *мать-и-мачеха обыкновенная*
Пхъапхъэ - *трясунка*
Пхъэгулъей - *алыча*
Пхъэлъужь - *скупшина*
Пхъэмыфей - *дуб пробковый*
Пхъэплъыжь - *крушина Палласа*
Пхъэхуей - *береза*

Псалъэзэблэдз

ЕкIуэкIыу: **5.** Гъэм и зэман. **6.** Гъудэбадзэ цыкIу лъыиф. **8.** Гъавэ гъэтIылъыпIэ, хъуманIэ. **10.** Нартыху ... е сэхуран ... . **11.** Си кIуэцIыр нэщI, куплъыжьэ. **12.** ФIыцIэ, кьамылыфэ. **13.** Бжьыхьэсэ. **14.** КIуэ пэтми бжьиз зымыкIу. **15.** Нысэ кьызыхуашам екъуэхъу хабзэщ: « ... щыбын Тхьэм фхуищI!» жаIэу. **18.** Щакъхуэ ... , чырбыш ... е зыгуэрым и зэхуадитI. **19.** Жыг лантIэ: и пкъыр быдзщ, псэуалъапхъэ кьыхах. **21.** Кьыдалъхуауэ цыхум и щыфэм хэс. **22.** Iув, зэщIэкIа е щхьэц ... . **23.** Зеиншэ. **24.** Бгырыпхьщхьэ. **29.** Мэлым кьытращыкIа цы щабэ. **30.** Iэ тегъэщIанIэ зиIэ шэнт щабэ. **31.** ХьэрыпыбзэкIэ кьабж нэмэзыбзэ. **32.** Быдагъэ зыхэмыль, кьутэгъуафIэ. **33.** ХьэщIэ льапIэм хуаукI Iэщ. **35.** Мывэбг задэ льагэ. **36.** Бдзапцlэ хьурей цыкIу, фочышэу кьагъэсэбэпу. **39.** Зи нэхэр зыкъуэгъэу лъэпкъ. **41.** А унэцIэр зэрахьэ: КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и унафэщым; бзэ щIэныгъэхэм я докторым; Афины щекIуэкIа дунейпсо Олимпиадэ зэхьэзэхуэхэм бзнэнымкIэ 3-нэ зэвыпIэр кьыщызыхьам. **42.** Кьэгубжьауэ нэгъуэщI унагъуэ ильадэу кьаугъэ зэрыращIэкIым апхуэдэу йоджэ. **43.** Шыр кьызэрагъэIуэрыщIэ кIапсэшхуэ.

Кьехьу: **1.** Псэущхьэхэм я щыфIэм хищIэ, лъы кьыщIэзыфэ хьэпIащIэ. **2.** Вакъэ льэгум иралъхьэ. **3.** ХьумпIэщIэдж Iуащхьэ. **4.** НапIэзыпIэ. **7.** Налшык кьалэ и уэрамхэм щыкуэд кьуалэбзу. **9.** МыувыIэу куэдрэ кьешх уэшх. **12.** Нарт лIыхьужь Щэуей и адэр. **16.** Хэку зауэшхуэм лIыхьужьу хэта, еджагъэшхуэ, Кьэбэрдей-Балькъэрым и цIыхубэ тхакIуэ. **17.** ... эзрымытым Iэтэ иригъэувэ. **19.** ПлIанэпэ. **20.** Ещхьыкъуэ щIалеяуэ щымащIэ зэман. **25.** «Нобэ хуэдэу адыгэкъуэр ... пхьлъэту щытыгъакъым» - Щоджэнцыкlу Алий и «Кьамботрэ Лацэрэ» романым щыщщ. **26.** Лэжьэн зи жагъуэ, хуэмыху. **27.** Пшынауэ щIэрыIуэ Пщы-хьэщIэ ... . **28.** Жыг кугъуанэр зи псэупIэ псэущхьэ кIэ баринэ. **34.** Адыгэ тхакIуэ, драматург. Абы и цIэр зэрехьэ Налшык и уэрамхэм ящыщ зым. **35.** ... джанэ е цыхэкI щэкI щабэ. **37.** Щыкьумцlий уд фызыжьыр псыхьэ зэрэгъэкIуа хьэкъущыкъу. **38.** ХьэкIэкхъуэкIэ шынагъуэ.

Зэхэзылъхьар
МЫЗАхьмэдщ.



Гъатхэпэм и 24-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкIуэкIыу: **7.** Адэжьнэ. **8.** Зэрэгъыж. **11.** КIэн. **12.** Мащэ. **13.** Мест. **14.** Кугъуэ. **16.** Пхъы. **18.** Уэзрэдж. **19.** Ефэнды. **22.** Уае. **23.** Хьэнтхъупс. **25.** Еру. **28.** Лыжь. **31.** Кьатыр. **33.** Уэм. **34.** Ерыщ. **35.** IупщI. **36.** Ней. **37.** Бабыщ. **40.** Гъуджэ. **43.** Уэд. **44.** Хьэрычэт. **45.** Альп. **48.** Хьэмыщэ. **51.** Псыбыб. **52.** Афэ. **53.** Гъуэгу. **55.** Пэгун. **56.** Баку. **58.** Блэ. **59.** Тхъурымбэ. **60.** Шыбзыхъуэ.

Кьехьу: **1.** Кьудан. **2.** Бжэм. **3.** Уэсэпс. **4.** БзэмыIу. **5.** Шэнт. **6.** Мылъку. **9.** Окlаву. **10.** Уэчыл. **15.** Аргъеи. **17.** Жьэмей. **20.** Нэпкъ. **21.** Епэр. **24.** Тут. **26.** Бланэ. **27.** Амдэч. **29.** Жьей. **30.** Дыху. **32.** Гъупщ. **33.** Уэгъу. **37.** Бжэгъу. **38.** Бжы. **39.** Щхьэм. **41.** Адрыщ. **42.** Батыр. **46.** Тхьэгъуэ. **47.** Абрэдж. **49.** Кьанкъуэщ. **50.** Лъэбышэ. **54.** Гуахъуэ. **55.** ПщылI. **57.** Уэзы. **58.** Бахъуэ.

Бзэмрэ Хабзэмрэ

• Газетеджэм и усэ

Сыадыгэщ,
Сыкъалъхуащи адыгагъэр хэту си лъым.
Сыадыгэщ,
Сыкъалъхуащи, адыгэбзэр сэ сIурылъу.
Сыадыгэщ,
Адыгэбзэм и Iэфlагъыр псэм зыхищIэу.
Схуэльытэнукъым адыгэу ар зымыщIэр.
Адыгэбзэр хэпыпсыхьу нэгъуэщI бзэм,
КIуэдыжьыну кьысхуидэнкъым зэи псэм.
Адыгэ Хабзэу ди нэхъыжьхэм я щIэнным
ДроПсэурн нобэм кьаскIэ дриину,
Кьыисщохъжьыр ди щIэблэщIэм я кьалэну
Мыулыпуэ пхахыфыну ар зэманым.
БэIутIэлу Iэджэм пхъэщащ анэдахъхубзэр,
Зэман дыджкъэм кьелыфащ Адыгэ Хабзэр.
Мис а Хабзэр щыгIыгъынущ гъащIэм
пщалъэу,
Адыгэбзэм дригушхуэу, дрипсалъэу.

ГЪУРЫЖЬ Залым.

• ЖыIэгъуэхэр

Нысэ мыхъумыщIэм унагъуэ хейр зэIещIэ

- Ахъшэр кьэлэжьыгъуей-зэгъэкIуэкIынейщ.
- ЦIыхум игу кьыпхуилъыр и натIэм кьызыпхитэмэ, гъуанэу пхиудыжынти.
- Гъунэгъу ди гугъэр зэрыжьжьэ, жьжьэ кьытфIэщIыр зэрыгъунэгъу.
- Дыщыхуэныкъуэм тIэщIэгъупщыкIыр зы зэгуэпыгъуэ, дигу кьыщыкIыжьым зи мычэзуужу кьыщIедзри - зэгуэпыгъуитI.
- Зэман блэкIам укIуэцIрыплъыжьыфрэ, кьэкIуэнур хыболъагъуэ.
- Зэманым ялэ узэрищынури укьысзэрыкIэрыхуэнри пщIэнукъым: гугъур абы екIуу удекIуэкIыныращ.
- Зи тхыдэр щхьэхуит лъэпкыр щхьэхуитщ!
- Зи чэзур блэбгъэкIмэ, зи мычэзу зыщIегъури кьеГъэзэж.
- Махуэр сэбэпынщэу зэрыбгъэкIуар кьэпщIэжмэ, ари псыхэкIуадэ дыдэу кIуакъым.
- ГъащIэр уэзрыщымыгугъауэ кьыщIэкIыжмэ, зыщIыпIэ ущыхэжеящ.
- ПсэукIэжьым и щIэнным щыдыхьэшхыр дыхьэшхэнщ.
- Зэхъумыхагъэххэм хуэдэу, игъащIэм пщIэуэ щытахэр пщогъупщэж...
- Нысэ мыхъумыщIэм унагъуэ хейр зэIещIэ.
- Бжэныр хыуагъэхмэ, ухэдэкIафIэщ.
- Гугъэм игъэщIэхьуIакIэ, хьыфIидзэжьркъым.
- Гъатхэр хэкIасэкIэ, бжьыхьэр епэсэуэн кьанэркъым.
- ГъащIэр уэзрыщымыгугъауэ кьыщIэкIыжмэ, зыщIыпIэ ущыхэжеящ.

БЕЙТЫГЪУЭН Сэфарбий.

Напэкlуэцlар зыгъэхьэзырар ЩХЬЭЩЭМЫЩI Иэзэщ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР
Жылаэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖЬэкIэмыихьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущIо Зариф, Кешокин Залинэ, Кьардэн Маритэ, Хьэжыкьаро Алик.**

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ кьыдагъэкI.

360030, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5, ещIанэ къат.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; цIыхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьуэмрэ Iуэхущ Iапl эхэм я лэжьажьэныкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ пысмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдэгъакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемэ - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ Iапl эм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьэ бжьыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхуиуэхэм я пэжагъымкIэ ахър зыгъахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епльыкIэр зэтехуэ зэныту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьынырэ и пщэ дэльщ КъБР-м федеральнэ пошт зэныкIуэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Печатным и хуитыныгъэр хьэмэныжьэ Къэбэрдей-Балькъэр щIыналъэ Iуэхущ Iапl эм №И-0065-м щIэту яткащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и щIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы кьыджIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Кьаншокъуэ Эллэ,** редактор **Хьэжыкьаро Аник,** корректорхэр **Щоджэн Заирэ** *(2, 3-нэ нап.),* **Щоджэн Инэ** *(1, 4-нэ нап.),* **корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу Мырзэкан ФатIимэ.** *Компьютеркlэ газетым и теплъэр ящIащ* **Ныр Сандэ, Мэлбахьуэ Анжелэ,** *суратхэм елэжьар* **Бицу Жаниэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 5.000 ● Заказ №837